



# GID SOU PINÈZ KABANN YO

*Prevansyon ak ekstèminasyon*

Gid sa ba ou enfòmasyon sou kòman pou repere ak eradike pinèz kabann yo.

CITY *of* **BOSTON**



Inspectional Services

## KISA PINÈZ KABANN YO YE?

Pinèz kabann yo se ti parazit ki san zèl, ki bwè san pou viv e ki viv nan twa etap debaz nan lavi li: ze, nenf, ak adilt. Yon nenf ki fèk kale gen tay yon gress pavo epi trè pal jiskaske li nouri. Adilt la gen tay ak fòm yon gress pòm, yon koulè mawon woujat fonse epi li plat tankou yon kat kredi avan li nouri. Ensèk sa yo gen tandans pou kache nan kote li pa nwi tankou; kote yon moun ap dòmi oubyen chita pou yon peryòd tan pwolonje.

Yon pinèz kabann mwayèn viv anviwon 10 mwa. Pinèz kabann femèl ponn youn (1) rive senk (5) ze pa jou, ap grandi jiskaske li fin adilt nèt nan 21 jou epi kapab siviv pandan plizyè mwa san li pa nouri. Nan kote ki fòtman enfeste yo, yo kapab jwenn pinèz kabann yo nenpòt kote nan chanm nan.

Pinèz kabann yo bwè san pou viv pandan yo ensere yon ti estilè fen nan bèk yo dirèkteman nan po a ap chache yon ti vesò sangen epi kapab bouje epi mode a plizyè repriz. Nan chak pwen, bèk la libere saliv ki genyen pwoteyin ak ansim nan po a ki kapab lakoz reyakson alèjik nan kèk moun. Reyakson alèjik yo varye an ti boul wouj grate oubyen blan, zanpoud oubyen pistil (bouton pij).

## KI RISK KI GENYEN LÈ OU GEN PINÈZ KABANN?

Yo pa t jann konnen pinèz kabann te konn transmèt maladi ak moun. Sepandan, sentom moun plis konnen apati de lè pinèz kabann pike ou se demanjezon nan po. Risk yo kapab parèt avèk itilizasyon ensektisid pou trete kay la, an patikilye lè moun yo tante eradike pinèz kabann yo san èd oubyen konsèy yon jesyonè ravajè pwofesyonèl.

Moun ki pa genyen okenn eksperyans aplikasyon pestisid yo kapab itilize divès nebilitatè ayewosòl ak divès pwodwi pwofesyonèl pou kontwole pinèz kabann yo lakay yo. Enpak sou sante publik la apati de yon ekspozisyon twò lontan ak pestisid ki itilize pou kontwole pinèz kabann rete enkoni, sepandan, nou dekoraje solidman itilizasyon "bonm anti ensèk" ak brimizatè akoz de ekspozisyon nosif ak risk eksplozyon aparèy yo.



# KILÈS KI RESPONSAB POU RETIRE PINÈZ KABANN YO?

Nan majorite ka, yon pwopriyetè oubyen yon jesyonè imobilye rekòmande pa lalwa pou "kenbe lojman li posedè a san enfestasyon ensèk" (MA: 105 CMR 410.550). Si ou se yon lokatè, kontakte pwopriyetè ou a pou li kapab angaje yon ekstèminatè ki agreye pou idantifye ensèk la epi elabore yon plan ekstèminasyon oubyen IPM (Lit Antiparazitè Entegre) pou elimine yo.

Tanpri sonje: Si yon moun ap lwe yon kay pou yon sèl fanmi, pwopriyetè a pa responsab pou ekstèminasyon an toutotan yo asire antretyen kay la. Nan ka sa yo, okipan rekòmande pou rekrite yon konpayi lit antiparazitè ki agreye.

## RESPONSABILITE JESYON AK PÈSONÈL BATIMAN:

- Ankouraje lokatè yo oubyen envite yo sinyale pinèz kabann yo (enfestasyon ki pa sinyale epi ki pa kontwole ap gaye rapidman)
- Kenbe dosye plent kont pinèz kabann yo (oubyen lòt parazit)
- Reponn rapidman ak plent yo
- Elabore yon pwotokòl agresif avèk eliminasyon kòm objektif
- Mete an plas yon pwogram prevansyon, ki santré sou sansibilizasyon

## RESPONSABILITE LOKATÈ A:

- Kowopere avèk pèsònèl la ak nan jesyon an pou anpeche ak kontwole pinèz kabann yo kit espas kote w ap viv endividiyèl la enfeste oubyen pa enfeste.
- Konnen siy pinèz kabann yo epi verifye konstamman siy yo nan espas w ap viv la  
Know the signs of bed bugs and check constantly for signs of them in your living space
- Sinyale enfestasyon yo



# ETAP?

## ETAP 1: PREPARE OU - FÈ ENTÈVYOU AVÈK LOKATÈ OU A

Premye etap la se pou fè entèvyou avèk rezidan yo pou detèmine sit enfestasyon posib yo. Poze kesyon swivan yo:

1. Kilès nan fanmi an pinèz kabann yo te pike? Èske piki yo vizib?
2. Ki kote moun ki afekte yo ap dòmi oubyen repoze pou peryòd elaji nan rezidans lan?
3. Èske inite nan vwazinaj yo enfeste ak pinèz kabann?
4. Èske gen yon mèb, ki nèf oubyen ize yo te fèk vin avèk li nan rezidans lan?
5. Èske gen yon moun nan fanmi an ki te nan yon vwayaj oubyen nan yon vizit ki rekòmande malèt?
6. Ki kote malèt la te plase lè li t ap retounen nan vizit la?
7. Ki kote yo te fèk estoke malèt la?
8. Èske pa gen yon lòt moun ki vizite rezidans lan avèk valiz, manto oubyen lòt atik?
9. Èske pa genyen bète domestik nan kay la epi, si genyen, ki kote yo abitye dòmi ak repoze?
10. Ki mezi kontwol nou te eseye?

## ETAP 2: ENSPEKSYON INISYAL

Objektif enspeksyon an se pou detèmine si pinèz kabann nan prezan ak nivo enfestasyon an. Si nan nenpòt moman nou jwenn yon pinèz kabann, konseye kliyan sou opsyon tretman yo epi inisyé pwosedi kontwol yo. Yon parazitè pwofesyonèl dwe prepare pou fè enspeksyon fisi yo ak ti twou yo, demonte mèb yo, retire band plent yo, soulve kapèt yo, retire vesò ak kouvèti priz yo epi sele ak ranfème atik ak mèb ki enfeste yo.

Kòmanse fè enspeksyon kote moun ki afekte a kouche oubyen dòmi (abityèlman kabann yo, kanape yo ak chèz yo) nan chache pinèz yo, po yo ak tach twalèt yo. Enspeksyon kabann nan dwe detaye, epi ap gen ladan l dra yo, kouvèti yo, zòrye yo, matla, somye, tèt kabann nan ak kad la. Kabann nan ap demonte, enspekte epi plase nan sant chanm nan. Pinèz kabann yo kache nan ti fant yo ak ti twou yo, ladan yo twou yo drile pou mete vis yo. Somye resò yo ak kad kabann yo gen ladan yo kouti yo, anba pwoteksyon arebò yo, dèyè kach pousyè yo ("koutil") ak tout jwenti yo ak ti twou yo dwe egzamine.

Apre sa, elaji rechèch la pou antre ladan l tout mèb yo, band plent yo, kapèt yo, ak elektwomenaje ak rido yo, elatriye.

## TANPRI REMAKE

Nan lojman ki gen plizyè inite yo, si pinèz kabann yo lokalize nan yon inite, tout inite kot a kot ak yo (ladan yo, sa yo ki dirèkteman anwo ak anba) dwe jwenn enspeksyon.

### **ETAP 3: KIJAN POU JWENN YON PWOFESYONÈL KONTWOL PARAZIT KI FYAB**

Pi bon fason pou debarase ak pinèz kabann se rekrite yon konpayi kontwol parazit pwofesyonèl ki gen eksperyans nan kontwol pinèz kabann.

Yon lisans nan pestisid komèsyal rekòmande pou trete tout pwopriyete prive ak piblik ki itilize pou okipasyon moun avèk kat oubyen plis inite (Lwa sou Kontwol Pestisid Chap 132 B nan Lwa Jeneral Massachusetts la). Sèlman pestisid ki etikete nan Commonwealth of Massachusetts ki pou utilizasyon kont pinèz kabann kapab aplike legalman.

Avan pou kontakte yon konpayi kontwol parazit, ou dwe konnen ki kote zòn pwoblèm ou yo ye epi ki parazit ou genyen, konsa ou kapab rekrite bon moun nan. Si ou te wè parazit yo lakay ou, fè yon nòt sou ak kisa yo sanble ak tout kote ou te wè yo. Sa pral pèmèt konpayi ou rekrite a ba ou pi bon sèvis posib.

Fè pwòp rechèch ou kapab ekonomize lajan epi anpeche parazit yo pran tout kay ou a pou yo. Avan ou rekrite yon pwofesyonèl kontwol parazit, ou dwe genyen kèk enfòmasyon pou ba yo yon jan yo kapab ba ou pi bon sèvis. Si posib, cheche sou google karakteristik ensèk yo ak pou idantifye yo. Sa pral ede kontwole parazit yo lè ou rele yo pou jwenn sèvis yo.

Anplis, nou rekòmande pou ou swiv etap ki site anba yo:

- Rele konpayi lit antiparazitè ki agreye ak asire yo epi jwenn divès estimasyon ki ekri.
- Verifye referans yo.
- Chache divès antrepriz ki ofri alafwa kontwol chimik oubyen non chimik.
- Ensiste sou yon enspeksyon davans nan kad pwosesis estimasyon an.
- Teknisyen yo dwe gen volonte pou pale avèk ou sou opsyon tretman yo ak garanti yo.
- Yon plan efikas kontwol pinèz kabann ta dwe jwenn plizyè tretman ak enspeksyon. Asire ke bagay sa yo kouvri nan estimasyon an.
- Konpare garanti yo.

## **ETAP 4: PI BON PRATIK POU KONTWOLE PINÈZ KABANN YO**

Pestisid yo pou kont yo pa dwe itilize pou kontwole pinèz kabann yo. Pwogram ki pi efikas la pou elimine pinèz kabann yo se sa ki itilize yon apwòch Lit Antiparazitè Entegre (Integrated Pest Management, IPM). Yon IPM se utilizasyon tout metòd posib nan yon kombinezon lojik ki minimize risk ekspozisyon ak pestisid, pwoteje anviwònman ak maksimize efikasite. Anplis, li rekòmande pou enstalasyon yo gen yon plan pou lite kont parazit an plas pou fè fas ak parazit yo avan yo tounen yon pwoblèm.

Metòd IPM yo gen ladan yo:

- Enspekte zòn ki enfeste yo, konsa tou pou espas ozalantou yo
- Idantifye parazit la
- Kenbe dosye ki gen ladan yo dat ak lokal kote yo jwenn parazit yo
- Netwaye tout atik yo
- Redwi ankonbreman kote pinèz kabann yo kapab kache
- Itilize pestisid yo avèk atansyon selon enstriksyon ki sou etikèt la
- Mennen divès enspeksyon ak tretman yo
- Fè sansibilizasyon vya edikasyon pou fè prevansyon kont pinèz kabann yo

Yon gran enstalasyon kapab bezwen plizyè peryòd enspeksyon, netwayaj ak aplikasyon pestisid avan pinèz kabann yo elimine konplètman. Senp fè pou jete kabann yo ak tout materyèl kabann yo PA yon bon apwòch pou lite kont pinèz kabann yo. Pinèz kabann yo kapab gaye rapidman nan mi yo, mouli yo, liminè yo, elektwonik yo ak planche yo. Si ou deside jete mèb yo ak divès efè pèsonèl, asire nou pou detwi oubyen degrade objè yo pou anpeche lòt yo ranmase san yo pa konnen atik ki enfeste yo.

## **ETAP 5A: PREPARASYON CHANM NAN**

Prepare yon chanm pou tretman pinèz kabann nan esansyèl pou eradike enfestasyon an. Parazitè yo prefere mennen yon enspeksyon avan nenpòt netwayaj oubyen ekstèminasyon an kòmanse. Sa bay parazitè a yon rega ekstansyon konplè pwoblèm nan. Yon fwa pinèz kabann yo lokalize epi tay pwoblèm nan te detèmine, preparasyon chanm nan dwe fèt. Sa ki vini an apre yo se etap preparasyon chanm nou sigjere:

- Retire tout materyèl kabann yo, pyès tisi yo/rido yo nan sal la epi plase yo nan valiz yo pou transpòte yo nan lavri otomatik.
- Vide tiwa yo ak plaka yo epi plase zafè pèsonèl yo nan sachè plastik yo. Mete tout rad ak manto nan sachè yo pou transpòte yo nan lavri a.
- Jwèt an plastik, liv yo, elektwonik, ak nenpòt bagay ki pa kapab lave dwe mete nan sachè separeman pou enspeksyon.
- Chanm nan dwe vid ak tout atik an tisi ak pelich. Si posib, zòrye founiti an pelich yo dwe retire epi lave.
- Deplase mèb yo omwen 18 pou ak mi yo.
- Retire kouvèti priz yo ak plak enteriptè yo nan tout mi yo.
- Yo dwe retire kad imaj yo nan mi yo epi netwaye yo epi trete yo.
- Moun ak bêt domestik yo dwe kite zòn nan pandan tretman epi ret tann kantite tan ki deklare a avan ou reantre, abityèlman kat èdtan.
- Kouvri akwaryòm nan avèk yon sèvyèt oubyen kouvèti plastik.
- Tout rad yo, dra yo, ak lòt atik yo dwe netwaye (san pinèz kabann) epi kenbe izole jiskaske kliyan deplase nan yon nouvo chanm, yon novo anplasman, oubyen jiskaske pwoblèm pinèz kabann nan elimine.
- Asire ke pwofesyonèl pou konbat parazit la kapab enspekte epi trete tout founiti yo.
- Siprime ankonbreman - Li enposib pou debarase ak pinèz kabann yo san debarase ankonbreman.



## ETAP 5B: PREPARASYON INITE VID YO

Pinèz kabann ki nan inite vid yo pa sèlman yon pwoblèm kontwol men yon pwoblèm legal paske ou pa kapab bay garanti ke inite a konplètman san pinèz kabann (otreman pase pou itilize yon fimigasyon chimik).

Kidonk, kijan pou w fè lwe li ankò? Si ou sèlman ap itilize tretman konvansyonèl pou abòde yon inite vid ki enfeste, konsidere sa ki vini an apre yo:

- Pinèz kabann yo vin inaktif lè pa genyen okenn moun ki prezan epi kapab pa antre an kontak avèk sifas trete ak ensektisid yo.
- Pa genyen okenn aparèy siveyans pinèz kabann ki fyab pou itilize lè pa gen moun ki prezan
- Pinèz kabann yo kapab deplase ale nan inite tou pre yo ap chache manje

Pi bon solisyon an se trete inite yo entansivman. Pi bon konpayi pou konbat parazit ou a kapab pèse vid mi yo epi retire band plent ak mouli ki kowone yo pou trete kote sa yo avèk pousyè. Yo kapab aplike tou yon tretman apwofondi ak ensektisid sou kote ki fele yo ak ti twou yo. Inite ki tou pre yo kapab siveye tou. Si yo pa jwenn okenn pinèz kabann aprè twa enspeksyon/tretman, ki fèt de (2) semèn separé (wi, sis semèn), epi tout efò tretman yo ak rezulta enspeksyon yo te dokimante, li kapab san danje pou lwe inite a ankò.

Sepandan, ou dwe prepare pou reponn imedyatman si nouvo rezidan depoze yon plent. Altènativman, apatman te kapab jwenn enspeksyon yon chen deteksyon odè (chen k ap renifle pinèz kabann). Itilize yon chen drese pou detekte enfestasyon pinèz kabann yo se yon metòd ekselan pou detèmine si pinèz kabann yo toujou oubyen pa prezan. Chen sa yo kapab di ki diferans ant yon enfestasyon ki vivan oubyen ki mourir, epi yo kapab detekte abityèlman menm yon senp ze pinèz kabann. Sepandan, genyen aktyèlman sèlman kèk chen ki disponib pou objektif sa. Konsa, rekrite yon chen ak yon mèt chyen pinèz kabann ki gen eksperyans nan enspeksyon apatman ki koute chè yo.



## ETAP 6 - ATANT KONTWOL LA

Pandan ou kapab atann pou popilasyon pinèz kabann nan redwi konsiderableman aprè tretman inisyal la, li pa rezonab pou atann pou popilasyon an disparèt. An reyalite, pinèz kabann yo kapab menm plis evidan premye 24 èdtan yo aprè tretman an paske yo malad epi y ap pwomennen nan lè lib la. Piga ou trete pinèz sa yo ak ensektisid, nan pwochen de (2) jou yo, pinèz kabann yo dwe kòmanse mouri an gran kantite.

Sepandan, menm si pinèz kabann nan parèt yo ale pandan yon semèn aprè tretman inisyal la, tretman swivi yo bezwen fèt nan de (2) semèn pou tiye tout nenf ki kapab te kale pandan entèval tretman an. Aprè tretman an ak de swivi, si lokatè yo pa wè okenn pinèz kabann, ni resevwa okenn piki, popilasyon an kapab konsidere kòm metrize.

Malerezman, pa genyen okenn garanti ke pinèz kabann yo konplètman ale, konsa rezidan dwe kontinye an alèt pou pinèz kabann yo. Si se yon gwo enfestasyon, plizyè tretman swivi kapab rekòmande, men okenn pa kapab predi konbyen l ap ye. Nan yon anviwònman kote popilasyon yo te etabli pou yon ane oubyen plis, batiman kapab bezwen pou yo fimige li.

Nan ka sa yo, eliminasyon popilasyon an, konsa yo p ap mode rezidan regilyèman, sa kapab se pi bon bagay yo kapab atenn menm si vizit swivi yo ap kontinye yon jan endefini. Nan ka sa yo, li trè enpòtan pou jesyon apatman ak rezidan jwenn divès atant reyalis sou sa mezi kontwol yo pral fè e p ap rive fè.



# KESYON MOUN POZE SOUVAN YO

## KI PESTISID MWEN KAPAB ITILIZE?

Pinèz kabann yo vin rezistan ak pestisid moun plis konnen yo. Pestisid ki disponib nan boutik yo pou itilizasyon nan kay yo ap sitou tiye sèlman pinèz kabann yo lè yo pilverize yo dirèkteman sou pinèz yo.

Konsa tou, pa jamm aplike pestisid yo nan tèt matla oubyen kouch yo oubyen kote timoun yo ak bèt domestik yo ap jwe. Nou rekòmande pou ou kite aplikasyon pestisid yo bay yon operatè pou konbat parazit ki agreye.

## ÈSKE BONB ANTI ENSÈK YO OUBYEN BRIMIZÈ YO EFIGAS?

Non, pwodwi sa yo kapab gaye pwodwi chimik ki danjere nan tout kay ou epi yo pa efikas kont pinèz kabann yo. Bonb anti ensèk yo ak brimizè reyèlman fè pwoblèm nan vin pi mal paske yo kapab lakoz pinèz kabann yo gaye nan lòt zòn nan kay la.

## ÈSKE MWEN BEZWEN JETE MATLA YO AK MÈB YO?

Non, lè ou voye matla ou oubyen mèb ou jete, sa p ap rezoud okenn pwoblèm pinèz kabann. Si ou gen pinèz kabann nan matla ou oubyen kanape ou, yo ap viv tou nan lòt kote nan kay ou a.

Tout nouvo mèb ou pote nan kay la ap gen pinèz kabann yo tou. Mande operatè pou konbat parazit ou a si genyen yon bagay ou bezwen pou jete. Menm si mèb tankou yon kanape gen pinèz kabann, operatè pou konbat parazit la kapab an mezi pou trete li.

Si ou bezwen voye yon bagay jete, pilverize penti oubyen ekri "Bed Bugs (Pinèz Kabann)" sou atik la an gwo lèt pou okenn moun pa ramase li epi pote li lakay yo. Piga ou achte nouvo mèb toutotan operatè kontwol parazitè a pa fini trete lakay ou epi ou sèten ke pinèz kabann ou yo ale.

## KIJAN ZANMI AK MANM FANMI YO KAPAB EVITE POTE PINÈZ KABANN YO SOT LAKAY MWEN POU ALE LAKAY PA YO?

Pinèz kabann yo kapab vwayaje soti nan yon kay ale nan yon lòt sou rad yon moun oubyen nan sak a men, sak, valiz oubyen sak nan do. Jiskaske ou fin eliminate pinèz kabann yo lakay ou, nou rekòmande pou zanmi yo ak manm fanmi yo pran divès etap swivan lè y ap vizite lakay ou:

- Piga ou pote sak a men, sak, valiz oubyen sak nan do
- Si posib, evite chita sou mèb ki mou tankou kanape
- Yo dwe retire yo, lave yo epi seche rad yo imedyatman avan yo retounen lakay la. Si yo pa genyen pwòp lavez yo ak sechez pa yo, anbale rad yo nan yon sak èmetik jiskaske yo kapab lave yo epi seche yo.

## KIJAN MWEN KAPAB KONTWOLE PINÈZ KABANN YO?

- Piga ou pote lakay ou kad kabann, matla, somye resò oubyen divès mèb ranboure ou jwenn nan lari.
- Verifye tout mèb ki itilize oubyen ki lwe pou pinèz kabann yo.
- Pandan w ap vwayaje, enspekte kabann ak founiti a.
- Pa kite valiz yo touche tè ak kabann nan epi enspekte yo avan ou pati.
- Si ou sispèk anviwònman ou te gen pinèz kabann, imedyatman lave epi seche rad ou nan yon anviwònman cho.

## KONBYEN TAN YON PWOPRIYETÈ GENYEN POU BAY YON PWOFESYONÈL POU KONBAT PARAZIT?

Òdonans lan akòde ak pwopriyetè a 10 jou pou genyen yon pwofesyonèl pou konbat parazit vini pou enspekte apatman ou an.

## KIJAN MWEN KAPAB TRETE PIKI PINÈZ KABANN YO?

Lave zòn kote piki a ye a avèk yon savon antiseptik pou redwi enfeksyon an, epi reziste ak anvi pou grate a. Kontakte pwofesyonèl sante ou a si piki a vin enfekte.

## KIJAN PINÈZ KABANN YO FÈ TRANSMÈT FASILMAN DE YON MOUN AK YON LÒT?

Pinèz kabann yo pa kontajye nan jan yo kapab transmèt de moun ak moun. Sepandan, pinèz kabann yo kapab kache epi viv nan kabann, rad, malèt ak founiti yon moun. Lè atik sa yo antre nan yon kay oubyen transpòte nan yon lòt zòn, yo kapab transpòte pinèz kabann yo avèk yo.

## KONBYEN TAN SA KA DIRE POU YON ENFESTASYON PINÈZ KABANN VIN APARAN?

Mak piki yo kapab pran jiska 14 jou pou devlope lakay kèk moun.

## KIJAN PINÈZ KABANN YO GAYE?

Paske pinèz kabann yo kapab jwenn nan kay yo ak yon varyete espas piblik, moun yo kapab transpòte yo fasilman soti nan yon espas ale nan yon lòt. Yo kapab kache nan kouti malèt yo, valiz lannwit yo, bagay ki kouvri kabann yo, epi ki nan pli rad yo. Yo kapab tou transpòte nan mèb yo. Majorite moun pa reyalize yo ap transpòte pinèz kabann pandan y ap vwayaje soti nan yon lokal ale nan yon lòt, nan enfekte zòn kote y ap pase yo. Pinèz kabann yo se ekspè nan kache, kapab rete kache pandan divès peryòd tan ki long, epi kapab rete vivan menm san yon repa san.

## KIYÈS KI GEN PINÈZ KABANN?

Nenpòt moun nan risk pou genyen pinèz kabann lè y ap vizite yon zòn ki enfekte. Nenpòt moun ki ap vwayaje souvan epi ki ap pataje lojman ak chanm a kouche kote lòt moun te déjà dòmi gen yon risk pi elve pou yo pike/oubyen gaye yon enfestasyon pinèz kabann.

## KONBYEN TAN YON MOUN KAPAB POTE PINÈZ KABANN YO?

Pinèz kabann yo kapab kontinye viv nan zòn enfestasyon yo toutotan yo ap repwodwi epi yo kapab nouri pa peryòd sou moun si yo pa trete pa yon pwofesyonèl pou konbat parazit. Yo p ap viv sou moun men yo monte sou moun pou yo nouri.

## **KONSENAN TRAVAY NOU AN**

Depatman Sèvis Enspeksyon yo administre ak ranfòse batiman, lojman, sante, asenisman ak sekirite gouvènman Vil yo ak Eta yo mandate. Nou konpoze senk divizyon reglemantè. Objektif nou se pou pwoteje ak amelyore kalite lavi pou tout rezidan Boston yo. Misyon nou se pou sèvi piblik la nan pwoteje sante, sekirite, ak estabilite kominote komèsyal ak rezidansyèl Boston yo.

## **KONTAK YO**

ISD Housing Division (Divizyon Lojman ISD) | **617-635-1010** | <https://www.boston.gov/departments/inspectional-services#housing-help>

